



Evite Sanksyon Sivil pou Sèten Vyolasyon Depatman Sante Vil New York: Yon Gid pou boutik bèt kay yo sou Kijan pou “Remedye” Sèten Vyolasyon

Tanpri sonje vèsyon tradui dokiman sa a disponib sou entènèt pou preferans ou. Pou remedye ak vyolasyon yo, tanpri ranpli fòm yo nan lang Anglè.

Sèten vyolasyon ki fèt premye fwa ki siyale bay antrepriz yo pa Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil New York (Depatman Sante Vil New York) ka “remedye”. Pou remedye ak yon vyolasyon, yon biznis dwe korije pwoblèm ki te lakòz yo te resevwa yon konvokasyon epi soumèt prèv bay Depatman Sante Vil New York. Si Depatman Sante Vil New York la deside biznis la korije kondisyon an, yo p ap fè okenn penalite sivil (amann monetè) kont biznis la.

Ki vyolasyon ki ka remedye?

Vyolasyon ki endike nan tablo yo nan dokiman sa a ka remedye.

Kisa ki se yon vyolasyon premye fwa?

Yon vyolasyon premye fwa se yon vyolasyon ki:

- fèt nan dat oswa apre 6 mas 2023;
- annatant oswa li pa te konfime pa defo nan Biwo Pwosè Administratif ak Odyans (OATH).

Kisa Mwen bezwen soumèt pou m remedye yon vyolasyon?

Ranpli fòm afimasyon an epi soumèt prèv pou w remedye premye vyolasyon w la pa pita pase **sèt (7) jou kaladriye** apre dat enspeksyon an (ki ekri sou konvokasyon w lan). Si vyolasyon w lan se paske w pa afiche yon fason klè Règleman sou Lwa sou Lè san Lafimen nan espas travay la, prèv pou remedye a dwe soumèt nan **30 jou kalandriye** apre enspeksyon an.

Kikote pou mwen soumèt fòm afimasyon mwen an?

Ou ka voye fòm afimasyon ou an pa imèl oswa soumèt li an pèsòn. Gade seksyon sa yo nan dokiman sa a pou plis detay.

Kijan m ap konnen si Depatman Sante Vil New York te aksepte prèv mwen an epi si p ap gen okenn penalite?

Depatman Sante Vil New York ap fè w konnen alekri si yo te aksepte soumisyon w la epi si vyolasyon an remedye. Depatman Sante Vil New York ap enfòm OATH tou lè vyolasyon an te remedye epi pa gen okenn penalite.

Si Depatman Sante Vil New York la rejte prèv ou, ou ka fè apèl nan OATH.

Ki avantaj ki genyen nan remedye yon vyolasyon si li rete sou dosye ou?

Ou p ap oblije peye yon amann pou yon vyolasyon premye fwa.

Ki vyolasyon ki ka remedye pou boutik bèt kay?

Tablo sa a montre ki vyolasyon ki ka remedye pou boutik bèt domestik:

Apwovizyonman nan Lwa Vyolasyon	Deskripsyon
Administrasyon Kòd 17-377(b)	Pèmi ki pa plase nan yon kouvèti pwòp, transparan epi vizib klèman pou piblik la
Administrasyon Kòd 17-1703(c)	Si w pa afiche avi ki obligatwa yo

Kijan boutik bèt domestik yo ta dwe soumèt fòm afimasyon yo?

Ou ka voye **fòm afimasyon** ou an pa imèl oswa soumèt li an pèsòn. Pou soumèt fòm afimasyon ou ak nenpòt foto oswa dokiman:

- Pa imèl, voye yo nan **veterinaryhealth@health.nyc.gov**. Ekri “Proof of Cure – Summons / [Docket number]” (Prèw remedyasyon - konvokasyon / [Nimewo rejis]) nan liy sijè a.]” nan liy sijè a.
- An pèsòn, pote yo bay Depatman Sante Vil New York nan 22 Cortlandt St., 34th Floor, New York, NY 10013. **Vizit san randevou yo Pa aksepte. Rele nan 646-364-1783 pou pran yon randevou.**

Soumèt nenpòt fo deklarasyon bay Depatman sante Vil New York ka lakòz sanksyon pou vyolasyon kòd Sante Vil New York la epi lòt lwa aplikab yo. Pou sèvis tradiksyon nan bouch (entèpretasyon) oswa asistans pou tradiksyon dokiman pou ede konprann kòd vyolasyon oswa ranpli fòm ki apwopriye yo, tanpri rele nan 646-364-1783.